

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa jadi aspék anu pangraketna jeung kahirupan manusa lantaran manusa téh mahluk sosial. Dina hirup kumbuhna, manusa téh maké basa minangka pakakas komunikasi jeung manusa séjénna. Dina émprona, komunikasi téh aya komunikasi verbal jeung nonverbal. Komunikasi verbal nyaéta komunikasi anu ngagunakeun basa (pakakas ucap) pikeun ngébréhkeun pamaksudanana, ari komunikasi nonverbal mah henteu ngagunakeun pakakas ucap pikeun ngébréhkeun pamaksudanana, tapi bisa maké basa isarat, pasemon, atawa pakakas bantu séjénna kayaning piriwit.

Dumasar kana médiana, komunikasi verbal téh aya dua rupa, nyaéta komunikasi lisan jeung tulisan. Boh komunikasi lisan boh komunikasi tulisan, duanana sarua boga kaédah basa (gramatikal) jeung kandaga kecap (léksikon). Bédana, komunikasi lisan mah patalina jeung ucapan, ari komunikasi tulisan mah patalina jeung aksara katut éjahan (grafologis).

Dina komunikasi verbal, boh lisan boh tulisan, basa nu dikedalkeun ku manusa pikeun ngébréhkeun pamaksudanana téh winangun kalimah. Dina komunikasi lisan, kalimah téh sok ngalarapkeun randegan panjang katut lentong pamungkas turun atawa naék. Béda jeung dina komunikasi tinulis anu ngalarapkeun tanda baca dina runtuyan kalimah sangkan jadi konstruksi gramatik nu maksimum. Sakumaha pamanggih Sudaryat, spk. (2013, kc. 183) anu nétélakeun yén kalimah nyaéta konstruksi gramatik maksimum anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur lentong pamungkas naék atawa turun, anu rélatif bisa madeg mandiri.

Dumasar kana wangunna, kalimah téh dibagi-bagi jadi opat rupa, nyaéta kalimah salancar, kalimah rangkepan, kalimah ringkesan, jeung kalimah singget. Ari dumasar kana fungsina, kalimah téh dibagi-bagi jadi lima rupa, nyaéta kalimah wawaran, kalimah pananya, kalimah panitah, kalimah ébréhan, jeung kalimah anteban.

Sababaraha kalimah anu sinambung sarta mibanda udagan nu sarua, saupama dihijikeun téh bakal ngawangun wacana. Jaman kiwari mah geus réa pakakas komunikasi winangun wacana téh (Auliya & Hernawan, 2020, kc. 62). Salah sahijina warta anu réa dimuat, boh dina média citak boh dina média éléktronik. Nurutkeun Sumadiria (dina Bangun, spk., 2019), warta téh laporan anu panggancangna anu patali jeung fakta atawa ide panganyarna anu bener, ngirut, sarta penting pikeun balaréa ngaliwatan média saperti koran, radio, télépisi, atawa média *online* internét. Dina nulis warta téh kudu nyumponan unsur-unsur pangwangunna, nyaéta unsur sinandiku (saha, iraha, naon, naha, di mana, jeung kumaha) téa.

Sarua jeung karya tulis séjénna, warta ogé disusun maké basa baku atawa basa lulugu. Warta téh aya warta lisan aya warta tinulis. Warta lisan mah ilaharna diiberkeun ngaliwatan radio atawa télépisi, sedengkeun warta tinulis mah ilaharna dimuat dina média citak jeung média éléktronik. Sok sanajan aya warta lisan jeung tinulis, tapi saenyana mah warta lisan téh warta tinulis nu dilisankeun atawa dibaca. Éta hal luyu jeung pamadegan Sudaryat, spk. (2013, kc. 13) anu nétélakeun yén ulikan basa diwujudkeun ku sora. Ku kituna, ulikan sora basa atawa tata sora téh jadi dasar ulikan tulisan atawa tata aksara.

Ku ayana kamekaran téhnologi saperti jaman kiwari, warta téh bisa dicangking ku pamaca kalawan gampang. Réa média-média anu bisa digunakeun pikeun néangan warta, saperti Google, Instagram, Facebook, jeung Twitter; lain wungkul tina média citak saperti koran jeung majalah.

Warta téh kalintang penting keur masarakat lantaran dina warta aya informasi-informasi anu kudu dipikanyaho ku balaréa, boh sacara lisan boh sacara tinulis. Ku kituna, nulis warta téh teu bisa sagawayah. Henteu sakabéh kajadian bisa ditepikeun ka masarakat. Dina nulis warta kudu nyindekel kana kajadian atawa informasi anu aya mangpaatna keur masarakat. Informasi anu ditepikeunana ogé teu meunang salah (*hoax*) anu antukna masarakat jadi bingung kudu milampah nu kumaha. Jaba ti éta, unsur pangwangunna (sinandiku) kudu écés pertéla nyampak dina paragraf kahiji atawa anu ilaharna disebut *lead*. Paragraf-paragraf satuluyna mah ngajéntrékeun tur ngawewegan paragraf hiji.

Sajaba ti niténan mangpaat eusi jeung unsur pangwangun warta, dina nulis warta ogé kudu merhatikeun adegan kalimahna. Adegan kalimah jeung makéna tanda baca téh kudu bener tur merenah sangkan pamaca henteu salah napsirkeun. Saupama pamaca salah napsirkeun, tuluy éta bacaan téh sumebar, tangtu bakal nimbulkeun masalah anyar.

Téks warta téh jadi salah sahiji bahan pangajaran basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK dumasar kana Kurikulum 2013 Révisi 2017. Ieu matéri téh aya dina kompetensi dasar nomer 3.5 jeung 4.5. KD 3.5 téh unina saperti kieu, “*Menganalisis isi, pola penyajian, dan aspek kebahasaan teks berita dari media massa cetak atau elektronik.*”, sedengkeun KD 4.5 unina saperti kieu, “*Menyusun teks berita berdasarkan pengamatan atau hasil wawancara sesuai dengan struktur dan kaidah kebahasaan.*” (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2017, kc. 38).

Pasualan anu karandapan tina pangajaran téks warta di SMA/MA téh nyaéta naha kalimah anu digunakeun ku parasiswa téh geus bener tur merenah atawa acan? Lantaran saupama dititénan mah, siswa kiwari, hususna di Kota Bandung, basa Sundana téh geus pacampur jeung basa Indonésia. Ieu hal luyu jeung hasil panalungtikan Khotimah, spk. (2019, kc. 216) anu nétélakeun yén 62,2% ti 50 siswa SMA di Kota Bandung maké basa Indonésia dina kagiatan sapopoéna, 9% siswa maké basa Sunda dina kagiatan sapopoéna, 4,2% basa kosta, 0,2 % basa daérah séjén, jeung 23,4% basa campuran.

Loba faktor nu jadi sabab musabab ieu hal téh. Aya faktor éksternal, aya ogé faktor internal. Faktor éksternalna mah ti lingkungan sabudeureunana anu jarang maké basa Sunda, ari faktor internalna mah lantaran éta siswa téh euweuh karep pikeun maké basa Sunda lantaran dianggap tinggaleun jaman. Ku kituna, aya siswa nu teu bisa pisan maké basa Sunda, aya siswa nu kamalayan maké basa Sundana, aya siswa anu teu puguh tatakrama basana, tapi aya ogé siswa nu parigel dina maké basa Sunda.

Kamekaran basa téh tangtuna bakal lumangsung ti mangsa ka mangsa. Bisa nambahan kandaga kecap, ngurangan kandaga kecap, robahna adegan kecap, atawa robahna adegan kalimah. Adegan kalimah anu digunakeun ku siswa téh geus kapangaruhan ku basa Indonésia. Ieu hal téh balukar tina pacampurna basa Sunda digunakeun ku siswa di Kota Bandung jeung basa Indonésia. Siswa-siswa di Kota

Bandung téh leuwih remen ngagunakeun basa Indonésia batan basa Sunda. Ieu hal bisa dititénan tina cara siswa narjamahkeun téks warta tina basa Indonésia kana basa Sunda.

Ku kituna, dina pangajaran basa Sunda téh kudu dipedar ngeunaan adegan basa Sunda nu bener tur merenah. Jadi, pangajaran téks warta di kelas XI téh bisa dijadikeun média pikeun siswa diajar basa Sunda nu bener tur merenah. Sajaba ti éta, ieu matéri ogé bisa digunakeun sangkan siswa diajar maca, nyarita, sakaligus nulis basa Sunda nu bener tur merenah.

Dina ieu panalungtikan, cabang paélmuan anu digunakeunana nyaéta élmu sintaksis anu medar tata kalimah. Péso analisisna maké analisis tagmémik anu ditaratas ku Kenneth L. Pike. Ieu panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan adegan kalimah anu digunakeun ku siswa dina téks warta anu nyoko kana patali harti antarklausa dina kalimah rangkepan. Tina ieu panalungtikan ogé bisa méré gambaran kumaha cara guru ngajarkeun adegan kalimah basa Sunda ka siswa sangkan siswa wanoh tur nyangkem adegan kalimah basa Sunda nu bener tur merenah. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa nambahan pangaweruh ngeunaan panalungtikan anu maké analisis tagmémik.

Sakumaha anu geus disebutkeun di luhur yén matéri warta téh aya dina Kurikulum 2013 Révisi 2017 jenjang SMA. Ku kituna, SMA Negeri 14 Bandung dipilih dina ieu panalungtikan lantaran di SMA Negeri 14 Bandung téh loba siswa ti luar Jawa Barat, pang-pangna anu nuturkeun kolotna digawé. Sampelna nyaéta kelas XI-IPA 2. Data panalungtikanana nyaéta kalimah rangkepan nu kapanggih dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.

Ayana pangajaran basa Sunda di sakola ogé bisa ngalatih tur ngajembaran pangaweruh basa Sunda ngeunaan kaédah basana, saperti sora, kecap, frasa, kalimah, jeung éjahan dina nulis téks warta pikeun bacaeun balaréa. Pangajaran basa Sunda di sakola téh dipiharep bisa ngaraksa tur ngariksa basa Sunda minangka kabeungharan budaya Sunda anu kudu digunakeun dina kahirupan sapopoé. Ieu hal luyu jeung Perda No. 14 Taun 2014 ngeunaan tarékah miara basa, sastra, jeung aksara daérah. Dumasar kana eusi pasal 3, sasaran makéna basa Sunda téh kudu dibiasakeun di lembaga pamaréntahan, lembaga masarakat, jeung lembaga

pangajaran di sakola. Saupama basa Sunda dipupus tina kurikulum pangajaran, tangtu basa Sunda téh bakal ditinggalkeun, ka dituna mah basa Sunda téh bakal musna.

Sababaraha panalungtikan ngeunaan adegan kalimah téh geus kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana baé, aya panalungtikan anu judulna “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Téks Warta Siswa Kelas VIII SMPN 44 Bandung Taun Ajar 2020/2021” (Fanny Setiawati, 2021); “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Artikel Siswa Kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019” (Maolidda Auliya, 2019); “Adegan Kalimah dina Téks Iklan Layanan Masyarakat Karangan Siswa Kelas VII-C MTs Al-Inayah Bandung” (Ayu Widiyani Sigid, 2018); “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Twitter” (Agustina Chandra Juwita, 2014); jeung “Kalimah Ngantét Satata dina Novel Payung Butut Karangan Ahmad Bakri (Tilikan Tatabasa Tagmémik)” (Nia Kurniasih, 2007).

Dina panalungtikan taun 2021, 2019, 2018, jeung 2014, adegan kalimah minangka objék panalungtikanana dianalisis ngagunakeun métode distribusional téhnik analisis langsung, sedengkeun panalungtikan taun 2007 mah ngagunakeun analisis tagmémik. Ieu panalungtikan ogé ngagunakeun analisis tagmémik, sarua jeung panalungtikan 2007, bédana téh dina objék datana. Taun 2007 mah nu ditalungtikna téh adegan kalimah ngantét satata wungkul, ari ieu dina ieu panalungtikan mah nu ditalungtikna téh kalimah rangkepan ngantét jeung sumélér.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan adegan kalimah rangkepan dina basa Sunda anu nyokot data panalungtikan tina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung téh can kungsi dilaksanakeun. Sajaba ti éta, dina ieu panalungtikan mah péso analisisna téh nyaéta analisis tagmémik anu kawilang langka digunakeun dina panalungtikan. Ku kituna, panalungtikan anu dijudulan *Adegan Kalimah Rangkepan dina Téks Warta Tarjamahan Siswa Kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung Taun Ajar 2021/2022* téh perlu dilaksanakeun. Tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngajembaran deui pangaweruh ngeunaan adegan kalimah jeung analisis tagmémik.

1.2 Rumusan Masalah

Warta mangrupa média pikeun nepikeun informasi penting ka balaréa. Warta téh aya warta lisan aya ogé warta tinulis, tapi saenyana mah warta lisan téh warta tinulis nu dibaca. Ku ayana kamekaran téhnologi, néangan warta téh kacida gampangna. Warta bisa kapanggih boh dina média citak boh dina média éléktronik. Dumasar kana Kurikulum 2013 Révisi 2017, warta téh jadi salah sahiji matéri di kelas XI SMA/satata. Ku lantaran warta téh pikeun dikonsumsi ku balaréa, tangtu adegan kalimahna ogé kudu bener tur merenah sangkan teu nimbulkeun kasalahpahaman.

Kalimah dina téks warta bisa dianalisis tina rupa-rupa jihat, di antarana waé, tina kalimah rangkepanana saperti wangun kalimah, adegan kalimah, jeung patali harti antarklausa dina kalimah rangkepan.

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022?
- 2) Kumaha adegan kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022?
- 3) Kumaha patali harti antarklausa dina kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun adegan kalimah rangkepan basa Sunda dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022 anu dianalisis maké analisis tagmémik.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) wangun kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022;
- 2) adegan kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022; jeung
- 3) patali harti antarklausa dina kalimah rangkepan nu aya dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tiorétis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi sarta ngalegaan élmu pangaweruh dina widang sintaksis, hususna analisis tagmémik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

1) Pikeun Siswa

Ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun kaparigelan siswa pikeun nulis warta dina basa Sunda kalawan ngagunakeun tata basa–hususna tata kalimah–anu bener tur merenah.

2) Pikeun Guru

Ieu panalungtikan bisa méré gambaran kana masalah-masalah nu karandapan ku siswa dina nulis warta. Guru ogé bisa ngajembaran pangaweruh patali jeung prosés pangajaran, hususna dina widang kabasaan pangajaran nulis warta basa Sunda.

3) Pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan téh bisa jadi data pribadi keur panalungtik ngeunaan adegan kalimah basa Sunda. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan dina widang sintaksis jeung analisis tagmémik.

4) Pikeun Pamaca

Ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun nambahan pangaweruh dina widang sintaksis basa Sunda, hususna ngeunaan adegan kalimah basa Sunda.

5) Pikeun Sakola/Institusi/Lembaga

Ieu panalungtikan bisa digunakeun ngeuyeuban matéri pangajaran téks warta patali jeung adegan kalimah basa Sunda. Salian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa digunakeun pikeun méré gambaran kana masalah-masalah nu karandapan ku siswa dina nulis warta sangkan tujuan pangajaranana bisa kahontal.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa ébréhan hasil tina ieu panalungtikan anu disusun dina lima bab.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina tiori-tiori ngeunaan adegan tagmémik kalimah, hakékat warta, jeung hakékat tarjamahan; panalungtikan saméméhna anu kungsi dilaksanakeun anu rélevan jeung ieu panalungtikan; sarta raraga mikir dina nyusun ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan wangun, adegan, jeung patali harti antarklausa kalimah rangkepan nu kapanggih dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Eusina ngeunaan kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta kumaha rékoméndasi keur panalungtikan ka hareupna.